



Mizajou sou Òganizasyon Paj 1

Nou Genyen pou Tout Moun pandan N ap Bati Yon Vwa Sendikal pou Tout Moun

Chak jou nou vin pi pisan. Pandan n ap prepare pou depoze kandidati pou eleksyon Sendikal nou an, sa pral mande pou chak moun fè pati pa yo pou nou ka genyen. Ini, pisans nou san parèy.

Kisa nou ka fè pou ede genyen Vwa Sendikal nou an?

Nou ka bati Sendika nou! Konekte nan <https://bit.ly/HPAEUnionYes> Plis pisans moun nou bati, se plis chans tout moun genyen pou pote amelyorasyon pou tout. Mande nenpòt Manm Komite Òganizasyon HPAE a oswa kontakte Òganizatriis nou an, Suzanne Collado nan (732) 655-8826 pou siyen sipò ou ak ede kolèg ou yo lè ou patisipe nan Komite Òganizasyon HPAE a. Ansanm, nou ka bati Sendika nou!

Kisa genyen Sendika nou an pral fè?

Yon sendika se vwa kolektif kolèg yo k ap plede pou amelyorasyon salè, avantaj ak kondisyon travay. Si ou vle wè amelyorasyon ak gen lapawòl, lè sa a, w ap bezwen yon Sendika. Lè nou genyen Sendika nou an, direksyon an dwe, dapre lalwa, negosye avèk nou sou sijè sa yo epi pa ka fè chanjman san akò nou.

Èske òganize pa gen danje?

Wi! Òganize Sendika nou an se dwa nou federal la pwoteje nan kad NLRA. Sonje pou swiv pwotokòl ak règleman yo jan nou nòmalman fè sa.

Kisa kotizasyon yo ye?

Tout òganizasyon bezwen finansman pou fonksyone. Kotizasyon yo kòmanse sèlman apre nou fin genyen sendika nou an epi vote pou aksepte premye kontra nou an. Kotizasyon HPAE yo se 1.25% salè yo, kidonk, sila yo ki fè plis oswa travay plis kontribiye yon ti jan plis, men tout manm yo kontribiye nan menm pousantaj.

E si manadjè mwen an pale ak mwen oswa kolèg mwen yo konsènan Sendika a?

Direksyon an pa ka entèfere nan òganizasyon an dapre lalwa. Si direksyon an poze ou kesyon sou sa ou panse sou zafè fòme yon sendika, ou pa oblije reponn. Defann dwa nou pou òganize gen pwoteksyon lwa federal. Rete respektye ak pwofesyonèl. Si ou kwè yon manadjè travèse liy legal la nan fè ou menas, enpozisyon, reprezay oswa siveye ou – rapòte sa bay yon moun nan sendika a. **Sonje, direksyon an pa gen okenn vòt nan eleksyon sendika a. Kidonk, poze tèt ou kesyon, “poukisa yo sousye konsa?”**



Health Professionals and Allied Employees
HPAE/AFT/AFL-CIO
110 Kinderkamack Road
Emerson, NJ 07630
TEL 201-262-5005
FAX 201-262-4335

 120
www.hpae.org
 www.facebook.com/hpae.aft



Mizajou sou Òganizasyon
Paj 2

Nou Genyen pou Tout Moun pandan N ap Bati yon Vwa Sendikal pou Tout Moun

Li enpòtan pou sonje ke direksyon an pafwa itilize lajan pou divize nou. Tout moun merite gen yon vwa, yon salè ki pèmèt viv, respè nan travay ak yon anviwònman travay ki san danje. Nou pi djanm lè nou ini.

Poukisa dènye NLRB a, Konsèy Nasyonal sou Relasyon nan Travay, desizyon sou Pratik Travay ki Pa Jis yo kont manm HPAE a enpòtan pou sila yo ki poko fè pati Sendika a?

Manm HPAE yo te genyen yon viktwa legal ki klèman di HMH dwe sispann vyole lwa a ak respekte sendika nou an. Sa enpòtan pou sila yo ki poko fè pati sendika a akòz nou pwoteje anba menm lwa a. Li senp, tout Travayè yo, avèk oswa san yon sendika pwoteje anba lwa sa a nan pou òganize ak poze aksyon kolektif. Se yon viktwa pou tout moun.

Nou te tande n ap jwenn yon ogmantasyon 1.5%, poukisa nou bezwen òganize si nou jwenn tout bagay enfimye yo jwenn?

HPAE te genyen ogmantasyon 1.5% pou manm yo nan negosye semèn pase a epi sila ki pa manm yo ap wè siy ke yo menm tou ka resevwa ogmantasyon an. **Sèl moun ki konnen ak sètityid y ap jwenn ogmantasyon an se Manm Sendika HPAE yo paske yo gen yon akò siyen ke yo ka ranfòse.** Si kolèg yo ki pa nan sendika a jwenn ogmantasyon sa a, se yon viktwa pou Sendika nou. Poze tèt ou kesyon, manm HPAE yo pa te genyen li, èske nou t ap wè pwomès ogmantasyon peman sa a?

E konsènan pwomès salè minimòm \$15 a? Poukisa nou ta dwe òganize si y ap ba nou plis lajan?

Batay pou tout anplwaye HMH yo gen yon minimòm \$15 te anpil bagay pou manm nou yo! Nou reprezante plis ke enfimye yo nan sistèm HMH la, ki gen ladan manm nan EVS, Rejim Alimantè, Transpò ak lòt. Nou te genyen nan dènye kontra nou an, yon minimòm \$15 pou tout manm yo yon ane anvan HMH te anonse plan li pou swiv egzanp nou an. Lè sendika a genyen, nou tout genyen. Men, imajine konbyen nou te ka genyen plis, si nou tout te nan sendika? An nou pa rete nan minimòm lan.

Bati youn lòt. Atravè Inite nou, nou genyen. Konekte nan <https://bit.ly/HPAEUnionYes>



Health Professionals and Allied Employees
HPAE/AFT/AFL-CIO
110 Kinderkamack Road
Emerson, NJ 07630
TEL 201-262-5005
FAX 201-262-4335


www.hpae.org
 www.facebook.com/hpae.aft